ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№157 (23.315) ● 2016 гъэм шышхьэуІум (августым) и 16, гъубж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ къэрал зыбжанэм я дзэ къулыкъущІэхэм урагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэр щызэхущІыжым

«Алабино» полигоным щекІуэкІащ къэрал зыбжанэм я дзэ къулыкъущІэхэм я зэхьэзэхуэр зэрызэхущІыжым теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэ.

АБЫ ХЭТАЩ АрМИ-2016 зэпеуэм зи зэфІэкІыр щызыгъэлъэгъуа къэралхэм зыхъумэжыныгъэмкІэ я министрхэмрэ дзэ къулыкъущІэхэмрэ, УФ-м ШынагъэншагъэмкІэ и советым, Федерацэмкіэ Советым, Къэрал Думэм, УФ-м и Правительствэм я лыкІуэхэр, Урысейм и щІыналъэ щхьэхуэхэм я Іэтащхьэхэр.

Зэхьэзэхуэр бадзэуэгъуэм и 30-м щегъэжьауэ щыщхьэуІум и 13-м нэсыху зэуэ полигон 20-м щекІуэкІащ. АрМИ-2016 зэпеуэм и Іыхьэ щхьэхуэр къэралиплІым я дзэ къулыкъущІэу 70-м щІигъу хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ. Абы дыщэ медалхэр къыщахьащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэкаи хэтхэм. ЕтІуанэ увыпІэр Китайм, ещанэр - Къэзахъстаным я дзэ къулыкъущІэхэм хуагъэфэщащ. ТекІуахэм наградэхэр иратащ Урысейм зыхъумэжныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ - статс-секретарь Панков Н. А., КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. сымэ.

УФ-м ЗыхъумэжныгъэмкІэ и министерствэм пресс-Іуэхущ Іапі эмрэ информацэмкІэ и управленэм къитащ.

КІуэкІуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ухуакІуэхэм ехъуэхъуащ я Іэщ Іагъэм епха махуэшхуэмкІэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм щыщ ухуакІуэхэм я Іэщ Іагъэм епха махуэмкІэ ехъуэхъуащ.

А І ЭНАТІЭМ и лэжьакІуэхэмрэ илъэс куэдкІэ а Іэщ Іагъэм ирилэжьакъэмрэ зэрызахуигъэзам щыжеІэ:

«Ухуэныгъэ комплексым сыт и лъэныкъуэкІи зыщІэгъэкъуэнрэ къэралым нобэ гупсыІтэ нэхъыбэ зыхуищІэхэм ящыщІу. ЦІыхухэм къагъэсбэпыну ят ухуэныгъэщІэхэр - школхэр, псэупІхэр, производственнэ объектхэр, сымаджэщхэмрэ щэнхабзэм и Іуэхущ Іапі эхэмрэ - а псори фэ фи лэжьыгъэфым къриКІуауэ аращ.

Псалъэ нэхъ гуапэ дыдэхэр ихуэгъэзащ ветеранхэм. Абыхэм лэжьыгъэм щызэтраухуа хабзэ дахэхэрщ І энатІэм адыгэ псынщІэу зиужьыным лъабжьэ быдэ хуэхъуар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуакІуэхэм фІыщІэшхуэ яхузощІ я лэжьыгъэфым, я Іэщ Іагъэм зэрыхуэзэкІуэльаКІуэм, апхуэдэуи кэыхаха Іэхуэм зэрыхуэпэжым папщІэ».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я чемпион Мудрэн Беслъэн гуфІэгъуэкІэ къыщрагъэблэгъэжащ «Шереметьево» кхъухьлъатэтІысыпІэм

Лъэпкъ къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ ягъэзащІэу, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр яІыгъыу «Шереметьево» кхъухьлъатэтІысыпІэм Мудрэн Беслъэн гуфІэгъуэкІэ къыщрагъэблэгъэжащ.

ЧЕМПИОНЫМ Іущ Іну къэкІуахэм яхэтт УФ-м и Президентым и деж Къэбэрдей-Балъкъэрым Москва щІэ и хэщ Іапі эм и унафІэщІ **Быкъыш Ратмир**, къэрал властым и федеральнэ І энатІэхэмрэ Москва къалэм и Правительствэмрэ ядэлэжьныр къызэгъэпэщыныкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и лыкІуэ хэха - КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іем и къуэдзэ **Губин Геннадий**, Бахъсэн къалэ округым и Іэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, тренерхэр, спортсменхэр, щІалэгъуалэ зэщІэхъеныгъэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ куэдым ящыщхэр, благъэхэр, ныбжьэгъэхэр. Губин Геннадий спортсмен гъуэзджэр къыщиГъэблэгъэжым и текІуныгъэ екІумкІэ, Урысейм ящэу къыхуихьа дыщэ медалымкІэ ехъуэхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысей Федерацэм щыпсэуэхэм Мудрэн Беслъэн фІыщІэ ин яхуищІащ къызэрыдэщІам папщІэ икІи къыхихгъэщащ Бразилием щыІэхукІэ ахэр къызэрыдэщІыр наІуэу зэрызэхихщІар.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КъБР-м и Правительствэм

Илъэс ныкъуэр зыхуэдар

КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий щыщхьэуІум и 11-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 25-м щыхэплъащ. Абы нэхъыщхьэу щызэпхрахащ илъэсым и ящэ мазихым Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ щІыналъэм и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуар.

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхъ Заур** и отчет докладым зэрыщыжиІакІэ, зи гугъу тщІы зэманым къриубыдэу республикэ бюджетым сом мелард 13-рэ мелуан 55,3-рэ хузэщІа-гъэуІуащ. Ар илъэсым зрагъэхъулІэну зытраухуам и процент 48,1-рэ мэхъу. Зэщхьэщыхауэ къапщтэмэ, процент 42,9-р налог хэхъуащ, проценти 2,5-р абы щымыщу зэхуахьэсащ, процент 54,6-р зымыгъэзэжу хухах ахъшэщ. Налог хэхъуэхэмрэ нэгъуэщІу къыхэкІхэмрэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ, сом мелардрэ мелуани 148,8-кІэ хэхъуащ икІи меларди 5-рэ мелуан 925,9-м нэсащ. Ар мыгъэрей планым и процент 38,6-рэ мэхъу. Псори зэхэту апхуэдэ хэхъуэу сом мелард 15-рэ мелуан 339,5-рэ зэщІагъэуІуэну къыпэщытщ.

Налог хэхъуэхэм я процент 48,4-р акцизхэм (сом мелардитІрэ мелуан 715,6-рэ), процент 23,8-р цІыхухэм я хэхъуэхэм техьэ налогым (сом мелардрэ мелуан 332,1-рэ), процент 13,1-р Іуэхущ Іапі эхэм къаІэрыхьэ фейдэм хуэзэ налогым (сом мелуан 736,5-рэ), проценти 9,5-р мыпхьум техьэ налогым (сом мелуан 531,2-рэ), проценти 4,8-р налог зэгъэуІуэм (сом мелуан 268,6-рэ), процент 0,4-р нэгъуэщІ хэхъуэхэм (сом мелуан 20,6-рэ) къызэрагъэпэщащ.

- Налогым щымыщ хэхъуэхэр процент 34,8-кІэ дгъэзэщІащ. Мы гъэм абыкІэ къыптэщыт сом мелуан 923,5-м щыщу мелуан 321,3-р илъэс ныкъуэм зэщІэдгъэуІуащ. Зымыгъэзэж ахъшэм хуэдэу сом меларди 7-рэ мелуани 129,4-рэ республикэ бюджетым хухахащ. Ар къыдатын хуейм и процент 60,5-рэ мэхъу. Отчет лъэхъэнэм къриубыдэу бюджетым хэщІхэмкІэ и Іыхьэр сом мелард 14-рэ мелуан 478,4-кІэ е зытедухуам и процент 48-кІэ дгъэзэщІащ. Псори зэхэту социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэм сом меларди 10-рэ мелуан 272,9-рэ хэтпъхащ. Ар илъэсым къыптпэщытым и процент 33,4-м нос. Къапщтэмэ, улахуэхэм - сом меларди 2-рэ мелуан 263,7-рэ, социальнэ ахъшэхэм - сом мелардрэ мелуан 860,7-рэ, коммунальнэ Іуэхутхэбзэхэм - сом мелуани 129,7-рэ, стипендиехэм - сом мелуан 30,2-рэ, хущхъуэхэкІхэм - сом мелуан 47,2-рэ, ерыскъыхэкІхэм - сом мелуан 92,9-рэ, бюджет зэхуаку трансфертхэм - сом мелардди 4-рэ мелуан 23,8-рэ, І энатІэ Іутхэм я медицинэ страхованэм - сом мелардрэ мелуан 785,6-рэ хуэтхахащ. Хэщ Іхэм я нэхъыбэр социальнэ І энатІэхэм хуоз э. Псалъэм папщІэ, егъэджэныгъэм - сом меларди 4-рэ мелуани 113,5-рэ, узыншагъэр хъумэным - сом меларди 3-рэ мелуан 347,5-рэ, социальнэ политикэм - сом меларди 2-рэ мелуан 527,5-рэ ялъысащ. А бжыгъэхэр, нэгъабэ и апхуэдэ зэманым ельытауэ, проценти 5,2-кІэ нэхъыбэщ, - къыхихгъэщащ министрым.

Къэпсэлъам къыхэзригъэлъэгъуэмкІэ, капитальнэ хэлъхьэныгъэхэм я мытІэрэй бюджет инвестициэхэр сом меларди 2-рэ мелуан 972,7-рэ мэхъу. Абы щыщу сом мелардрэ мелуан 836,6-р республикэ бюджетым, мелуан 588,5-р федеральнэ бюджетым хухахащ. Щ Іналъэ гъуэгу фондыр сом мелардрэ мелуан 583,8-рэ хъуэ хьащ. Сом мелардрэ мелуан 275,3-р республикэ бюджетым, мелуан 308-р федеральнэ бюджетым хуоз э. А ахъшэм щыщу сом мелуан 669,5-р Іуэхум халъхьащ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, сом мелардрэ мелуан 693-рэ хэунэму республикэ бюджетыр ягъэзэщІащ. КъБР-м и къэрал кІуэцІ щІыхуэр сом меларди 9-рэ мелуан 660-рэ мэхъу. Ар зытегъэкІыжыным сом мелуани 163,3-р хухахащ.

Министрым къызэрыхигъэщамкІэ, щыщхьэуІу, фокІадэ мазэхэм къриубыдэу къэрал кІуэцІ щІыхуэхэм я Іуэхур тэмэму зэхуэкІуэжынущ.

Ялэ мазихым КъБР-м и Правительствэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуар зэпкъраха нэужь, Правительствэм хэтхэм зэдзэрэзыуэ отчётыр къащтащ.

Егупъуу зэрагъэхьэзырам къыхэкІыу, адрей Іуэхугъуэхэм зэман лей трагъэкІуэдакъым. Къапщтэмэ, КъБР-м и Правительствэм и ящыныкъуэ унафэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Ветеринариемкіэ и управленэм и Положенэм, республикэм щІыналъэ къэрал ветеринар кІэлъыплъыныгъэр зэрыщыкІуэкІ Положенэм, 2016 - 2018 гъэхэм КъБР-м и бюджет гъэуэгу фонд хэхам и бюджет ахъшэр зэрытрагъашэ щІыкІэм, нэгъуэщІхэми зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ.

ЛэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр І энатІэкІэ къызэгъэпэщыныкъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альберт** жиІам едаІуэри, социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ, мы гъэм и етІуанэ мазиным Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр сом 11266-рэ хъуэу, лэжьэгъуэ ныбжьым итым сом 11596-рэ, пенсионерхэм - сом 8650-рэ, сабийхэм - сом 12560-рэ хуэзэу Правительствэм игъэуващ. Апхуэдэу унагъуэшхуэ хуэмышІэхэм, зи закъуэ къэна зыльэмыкІыжхэм къэралыр зэрадэІэпыкъуну щыкІэри унафэкІэ къащтащ.

НэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми щызэплъа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэкъуэ **Дадэ МуІаед, Емуз Нинэ, Битокъуэ Владимир**, къэрал комитетхэм, къэлэ, районхэм administрацэхэм я унафэщІхэр, ирагъэблагъэ къуэлыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Олимпиадэ-2016

Рио-де-Жанейрэ дыщэр къащытощащэ

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм и иужьрей махуищым Урысей Федерацэм и дыщэ гъэтІылъыгъэхэм хэпщІыкІыу хагъэхъуащ. Мащ Іэ-къым дыжьынрэ жэзу къаІэрыхьари.

ШЫЩХЬЭУІУМ и 12-м нэхъ дызыкІэлъыплъахэм ящыщщ **Ефимовэ Юлие**. Хъыбар зэрывэдгъэщІащи, Японием щыщ Канетэ Рие секундрэ ныкъуэкІэ абы къефІэкІащ икІи аргуэру къыпІыгъэсар дыжьын медалращ. А махуэм Урысей Федерацэм икІахэм иджыри жэз медалищ къахьащ. Щылъу фоч гъэуэныкІэ зэпеуэм (метр 50) къыщыхэжаныкІащ **Григорьян Кирилл**. ЩІыбкІэ метр 200-м есныкІэ зэхьэзэхуэм **Рылов Евгений** ещанэ щыхъуащ. ШпагэмкІэ щІыхубзхэм я зэныкъуэныгъэм Урысей Федерацэм и спортсменкэхэм япэ иратащащ. Румыниемрэ Китаймрэ къикІахэр.

ШыщхьэуІум и 13-р зыхуэгурлъаэм ящыщщ Урысей Федерацэм фехтованиемкІэ и командэ къыхэкар. Франджым и мушкетёрхэм ефІэкІри, Олимпиадэм и дыщэ медалхэр зыІэрагъэхьащ **Ахматхузин Артур**, **Сафин Тимур**, **Черемисинов Алексей** сымэ.

Цыхухъуэхэм зыкІи къапкІуэтакъым ди цІыхубзхэри. КъыкІэлъыкІуэ махуэм **Гавриловэ Юлие**, **Егорян Янэ**, **Великая Софье**, **Дьяченкэ Екатеринэ** сымэ зыхэта Урысей Федерацэм и гуп къыхэхар финалым Украинэм щефІэкІри, Олимп чемпион хъуащ.

Трекым цІыхубз командэхэм я зэпеуэм Урысейм и спортсменкэхэм дыжьын медалхэр щызыІэрагъэхьащ. **Войновэ Анастасиерэ Шмелёвэ Дарьерэ** япэ къыщыфар Китайм икІахэращ.

Вэсэмахуэрей зэхьэзэхуэкэр хуабжьу яхуэфІащ ди къэралым икІахэм: медалибл зэуэ, щыр дыщэу, абыхэм зыІэрагъэхьащ. Араш зи фІыгъэр мы Олимпиадэм къыщахьа медалхэмкІэ Урысей Федерацэр еплІанэ увыпІэм нэс зэрыдэкІуэтэкэр. Пэжщ, Великобританиемрэ Китаймрэ дапльэщІыхьэным иджыри куэд хуейщ, США-м и гугъу умыщІыхьи. Арщхьэкіэ, апхуэдэурэ екІуэкІмэ....

Тхьэмахуэ махуэм дызыпэмыплІа куэд къытхуихащ. Къапщтэмэ, игъащІэм етІуанэу (иужьрей илъэс 20-м япэу) парус спортымкІэ ехъулІэныгъэ диІащ. Илъэс 19 фІэкІа зи ныбжьыр мыхъуа **Елфутинэ Стефание** жэз медалыр зыІэригъэхьэфащ.

Каменский Сергей чемпион хъуну хуэфащэт икІи ар абы лъэ быдэкІэ хуэкІуэрт. Арщхьэкіэ фочыр иужьу щигъауэм, псори зэІищІожащ. Италием къикІа Камприани дыщэр абы Іэщ Іилтъхьауэ къэплъытэ хъунущ.

Иджыри дыпэплъауэ медалитІ къытІэрыхьащ. **Пасекэ Марие** спорт гимнастикэмкІэ дыжьынкір къылъысащ. США-м къикІа Байлз Симонэ иджыпсту упэлъащІфынукъым икІи абы хуэфащэу дыщэр Іэрыхьащ.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

XXXI Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр
(щыщхьэуІум и 15-м ирихьэлІэу гуп нэхъыфІипщІыр)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1.	США	26	21	22	69
2.	Великобритание	15	16	7	38
3.	Китай	15	13	17	45
4.	Урысей Федерацэ	9	11	10	30
5.	Германие	8	5	4	17
6.	Франджы	7	8	7	22
7.	Италие	7	8	6	21
8.	Япония	7	4	15	26
9.	Австралие	6	7	9	22
10.	Корее	6	3	5	14

Зэхуэсым и етІуанэ Іыхьэр къызэІуах

Псыхуабэ щызэхэт «Мэшыкъуэ-2016» щІалэгъуалэ зэхьэхьэм и етІуанэ Іыхьэр къызэІуахащ. ШышхьэуІум и 13 - 19-хэм екІуэкІыну зэхуэсыр «ХъыбарегъащІэ І энатІэ», «ЩІалэгъуалэ пэрыт», «Граждан жылагъуэ» унэтІыныгъэхэмкІэ лэжьэнущ.

● Мэшыкъуэ-2016

ФОРУМЫМ и етІуанэ Іыхьэр къыщызэІуахьэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ **Ведерников Михаил**, Ставрополь крайм и Правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ **Кувалдинэ Иринэ**, чемпионхэу **Березиковэ Юлие**, **Очигавэ Софье** сымэ.

- Илъэс ебланэ хъуауэ Кавказ Ищхьэрэм и щІыбл жыджэрхэр, зэфІэкІ зиІэхэр Мэшыкъуэ зэхуэшэс. А махуэхэм яриубыдэу зэІущІэ, Іуэху гъэщІэгъуэн куэдым фыхэтыну, хьэщІэ лъапІэхэм фахуэзэну, егъэджэныгъэ программэхэм фыщІэсыну І эмалыфІ фиІэщ. Форумыр лъэужьыншэ мыхъуу къыфІущхьэпэн куэд къыхэфхыну, ныбжьэгъуащІэхэр зэвгъэгъуэтыну си гуапэщ, - захуигъэзащ ныбжьыщІэхэм Ведерников Михаил.

Форумыр къызэрэпэщыным зи гуащІэ хэзыльхьа «Сбербанк России», «Ростелеком», «Курорты Северного Кавказа» Іуэхущ Іапі эхэмрэ «Минеральные воды» аэропортымрэ я лыкІуэхэри къыщыпсэльащ абы.

Осетие Ипщэм къикІа хьэщІэхэр ахуеблэгъащ етІуанэ Іыхьэм. Ахэр форумым и егъэджэныгъэ Іыхьэм хэтынущ, грантым теухуауэ ящІэхэмкІэ щІалэгъуалэм ядэгуэшэнущ. Мэшыкъуэ щІэ ныбжьыщІэхэр Осетие Ипщэм зыплъыхьакІуэ ягъэкІуэну я мурадщ.

- Ди республикэм къыбдІэдзэкІыу зэхуэсым щІыхуэтхущ къэдгъэкІуэр. Мы гъэм гупсыІтэ зыхуэтщІар щІыхь зэрыхэт щІыкІэм мы гъэм процент 70-кІэ зэхъуэкІыныгъэ зэрыхалъхьар. Зэхьэхьэм проект 500-м нэблагъэ гъэлъэгъуащ, ныбжьыщІэхэм я Іыхьэ щанэм, грант щымыгугъми, егъэджэныгъэ программэм хэтыну Іэмалыфі яІащ.

Іэщ Іагъэлі эхэм зэрыжаІэмкІэ, щІалэгъуалэм утыкум кърахьа проектхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъэ щыщагъэльагъуэ.

- «Мэшыкъуэр» федеральнэ форуму щымытми, «Таврида», «Территория смыслов» зэхьэхьэхэм зыкІи ефэгъуэкІыркъым, - жиІащ форумым и унафэщІым.

«Мэшыкъуэ-2016» щІалэгъуалэ зэхьэхьэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Ныбжьыщ Іэхэр тхылъхэм драгъэхьэх

Тырныауэ дэт библиотекэм и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр гукъинэж яхуэхъуным.

КъАЛЭ тхылъ хъумапІэм и езанэ къудамэм иджыблагъэ ириГъэкІуэкІа литературэ-щІыуэпс викторинэр теухуат ди къэралми республикэми я тхакІуэ цІэрыІуэхэу дыкъэзыухъуреихь дунейм тетхьихьахэм я Іэдакъэщ Іокіхэм.

«ЦІыІащ, псэуащ бдзэжьейхэр, къуэлэбзуэхэр, псэущхьэхэр» зыфІаща зэпеуэм хэта цІыкІуэхэр удихьэхыу тепсэлъыхьащ Пришвиным, Паустовскэм, Бианки сымэ щыІуэпсымрэ мэз псэущхьэхэмрэ ятеухуауэ зэхалъхьа хьыбар кІэщІхэм.

Къалэм и библиотекэ нэхъыщхьэм гъэщІагъуэгъэхэм я Іуэхур тэмэму зэхуэкІуэжынущ.

Ялэ мазихым КъБР-м и Правительствэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуар зэпкъраха нэужь, Правительствэм хэтхэм зэдзэрэзыуэ отчётыр къащтащ.

Егупъуу зэрагъэхьэзырам къыхэкІыу, адрей Іуэхугъуэхэм зэман лей трагъэкІуэдакъым. Къапщтэмэ, КъБР-м и Правительствэм и ящыныкъуэ унафэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Ветеринариемкіэ и управленэм и Положенэм, республикэм щІыналъэ къэрал ветеринар кІэлъыплъыныгъэр зэрыщыкІуэкІ Положенэм, 2016 - 2018 гъэхэм КъБР-м и бюджет гъэуэгу фонд хэхам и бюджет ахъшэр зэрытрагъашэ щІыкІэм, нэгъуэщІхэми зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ.

ЛэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр І энатІэкІэ къызэгъэпэщыныкъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альберт** жиІам едаІуэри, социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ, мы гъэм и етІуанэ мазиным Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр сом 11266-рэ хъуэу, лэжьэгъуэ ныбжьым итым сом 11596-рэ, пенсионерхэм - сом 8650-рэ, сабийхэм - сом 12560-рэ хуэзэу Правительствэм игъэуващ. Апхуэдэу унагъуэшхуэ хуэмышІэхэм, зи закъуэ къэна зыльэмыкІыжхэм къэралыр зэрадэІэпыкъуну щыкІэри унафэкІэ къащтащ.

НэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми щызэплъа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэкъуэ **Дадэ МуІаед, Емуз Нинэ, Битокъуэ Владимир**, къэрал комитетхэм, къэлэ, районхэм administрацэхэм я унафэщІхэр, ирагъэблагъэ къуэлыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

НОБЭ

♦1896 гъэм Клондайк (Канадэ) щІыпІэм дыщэ кэуду зэрыщІэлъыр къаХутащ. Ар къыщІахьыу къуэлей ирихъун мурадыр яІэу цІыху миницэ зэрехьэжьауэ щытауэ къыхощІыж тхыдэм. А щІыпІэм нэсу дыщэ къэзыГъуэтар миниплІ хуэдизэ къудейщ. Адрейхэм къагъэззэщащ е гъуэгум щыпІащ.

♦1930 гъэм Дисней Уолт и студием (США) дунейм щыппэу щытрахащ макъэ зыщІэт, щхъуэкІэпІащІэуи яла мультфильмыр.

♦1934 гъэм Москва къыщызэІуахащ СССР-м и ТхакІуэхэм я япэ съездыр.

♦1939 гъэм «Кабардинка» ансамблым концертхэр къуэкІыпІэ Жыжьэм тын щыщІидзащ.

♦1941 гъэм СССР-м Іэщ Іэкіэ Зэщ Іэуэзда и Къарухэм я командование нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ къыдиІэжІащ советыдзэм къулыкъу щызыщІэхэм бийм гъэру зратыну хуит зымыщІ унафэр.

♦1956 гъэм СССР-м унафэ къыщІэкІащ щыщІэхэр къэІэтыным, абыхэм псы щІэгъэльэдзэр щыкуэгъуэдиным теухуа унафэр.

♦1960 гъэм Налшык къыщызэІуахащ изобразительнэ гъэзэджэмкІэ музей. Ивыпспту абы республикэм щыщІэрыІуэу щыта суратыщІ, егъэджакІуэ Ткаченкэ А. Л. и цІэр зэрехьэ.

♦1965 гъэм Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъэр хъумэныкІэ и зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.

♦Адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэрашэ Тембот** къызэралъхурэ илъэсыр 114-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджыІакІуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цІыхубз артист **Тхъэбысым Умар** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Ришар Пьер** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ уэрэджыІакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ **Мадоннэ Чикконе** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Фы зыщІэр фы Іуощ Іэжри, Іей зыщІэри Іей Іуощ Іэж.

Шэрджэс хэкур зэрыгушхуэ

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Аргун Іэбубэчыр Дадым и къуэр

Куэш-Хьэблэ щыгъэтыжауэ, Аргуным и цІэр зэхэзымыха, абы теухуа гукъэкІыж зимыІэ Къэрэшей-Шэрджэсым ису къыщІэкІынкъым. Мы лы угъурлым и псэуклІар, лэжьакІар, дуней тетыкІар щапхъэу зэрыримыкъу щыІэкъым. ЩІэблэм а псори ящІэн папщІэ, дривгъэплъэжьыт ПІатІэ гъащІэм къыщигъэна лъэужьым.

КУЭШХЬЭБЛЭДЭСХЭР мы щІыналъэм къыщІэпхъуэжам Іэбубэчыр ильэсипщІым иту арат. Къыдэклуэтейри, и къуажэмрэ абы дэсхэмрэ я псэуклэр егъэфІэкІуэныр зы махуи и щхьэ имыкІыу къэгуэгурыкІуащ, лэжьэнкІи и цІэр жьыжьэ игъэІуащ.

1933 гъэм ПІатІэ дзэ къулыкъум ираджащ. Я́пэу Краснодар яшащ, итІанэ Новороссийск топгъауэу щрагъэджащ.

Къэкіуэжыным нэблигъэпауэ Хэку зауэшхуэр къэхьеащ. Бийм щхьэмыгъазэу езаэуэрэ, 1942 гъэм уІэгъэ хьэлъэ хуащ икІи дзэм къыхагъэкІыжри и къуажэм къигъэзэжащ. Тель уІэгъэм махуэ къэс зыкъригъащІэми, зигъэпсэхуну хущІыхьакъым Аргуным икІи зауэм зэкикутахэр зэфІэзэгъэувэжжэм яхохьэ, фронтми ильэкІымкІэ зыщІагъакъуэ.

ПІатІэ къызэгъэпэщакІуэ, унэтІакІуэ лІы Іущт, губзыгъэт. Ар къалытэри, «Штейнгардт» колхозым хэтхэр зэдзарэзыуэ 1944 гъэм абы и тхьэмадзу хах, хьыжмэтми псынщІэу зиужьын щІедзэ.

Къэралым щат нагъыщІэу Аргун Іэбубэчыр имыІэ щыІэкъым жьпІэми, ущыуэнукъым. Ауэ псоми ящІэу къыщІэкІынкъым абыхэм я япэрейр ТекІуэныгъэ Иным хуищІа хэлъхьэныгъэм къызэрыпэкІуар. 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м ПІатІэ къыхуагъэфащащ «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэм щыгъуэ псэемыблэжу зэрылэжьам папщІэ» медалыр. А илъэс дыдэм ар компартым хагъэхьэ. 1948 гъэм Іэтауэ ягъэлъэпІащ Шэрджэс автоном областыр илъэс 20 зэрырикуар. Абы и саулыкъкІэ Аргуным къратащ ГуащІэдзкІым и Бэракъ Плъыжь орденыр, иужькІи етІуанэу апхуэдэ зы орден къыхуагъэфэщащ. ПІатІэ 1950 гъэ пщІондэ «Штейнгардт» колхозым и унафэщІу щытащ. Хьыжмэт цІыкІухэр зы ящІу 1951 гъэм «Воробьев»-кІэ зэджэр, 1953 гъэм «Путь Ильича»-р къыщызэрагъэпэщым, куэщхьэблэдзэхэм ядакъым я унафэщІыр яхъуэгъуэм ПІатІэ аргуэру етІуанэу хахащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. 1971 гъэм кратащ «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр.

ПІатІэ хуэдэу интернационалист щыпкъэ гъуэгъуейт. Абы и ныбжьэгъуу щытахэм урыси, къэрэшеи, нэгъуеи, абази, къалмыкъи, осетин жьпІэми, лъэпкъыу яхэмыта щыІэкъым.

ЗэхэщІыкІ лъагэ зиІа лІы Іущым жиІэ зэпытт: «Нэкугъуэм ещхьу, дыхуэсакъыу тхъумэн хуейщ лъэпкъ зэныбжьэгъуитэр. Сыту жьпІэмэ, абы нэхърэ нэхъ лъапІэ щыІэу сэ сщІэркъым. Зы лъэпкъым и мыгъуагъэкІэ нэгъуэщІыр зэи насыпыфІэ хъунукъым».

ПІатІэ зэхуэдэу фІыуэ къыщацІыхуэт икІи къыщалъагъурт Ставрополь, Краснодар крайхэми, Ростов областми, Адыгеи, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэми. Абыхэм къикІыу мащІэтэкъым абы хьэщІэу къыхуэкІуэр. Апхуэдэу зэрыщытамрэ зэрыпсэуамрэщ къыхуэзыхьар «Зэныбжьэгъугъэ» орденыр кратынырь.

ПІатІэ Октябрь РеволюцІэ орденми и кавалерщ, «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжанакІам папщІэ» медалкІи и цІэр ираІуащ, и ГъащІэ псом гугъу зызыхуригъэхьа, и гуащІэ зыхэлъ, илъэс 46-кІэ зи унафэщІа «Путь Ильича» хозяйствэм щІыкъ зиІэ и колхозхэтщ.

ПІатІэ зэфІэкІыу, хьэрычэту хэпъам хэщІ жащІ махуи утепсэлъхьыми, зэгуэрми кІэ иІэнукъым, хьэрфышхуэкІэ тхауэ абы и цІэр тхьдэм хьхьащ. «ПІатІэ» жьпІэмэ, хэти игу къэкІыжыр гуапэу, пэжагъым и телъхьэу, цІыхур фІыуэ ильагъуу, Іущу зэрыщытаращ. А цІэмкІэ щдежэм деж зыхэпщІэу езыри нэхъ гуапэ хъуэу къыпщыхьурт. Ар и щыхьэтт анэщІэм нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэм.

Лъэкіуу зыри къуагъ имыщІу абы сыт щыгъуи яритащ дэжьыгъэмрэ цІыхухэмрэ. Колхоз унафэщІым и дэтхэнэ махуэри нэмэзым гъэзу техьэныкІэ иублэт. Нэст губгъуэми, Іэщыхьэхэмрэ ухуакІуэхэмрэ я дежи. МащІэ дыдэрэт колхоз правленэм и унэм зэрыщІэбгъуэтэнур.

ПІатІэ и зэманращ умыцІыхужыну Куэш-Хьэблэ и теплъэм зыщиужьар. Щыуэпс гъуэз къудейр къуажэм къэзырдишар зымыуасэр сыт?!

ПІатІэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессие екІуэкІам хэтауэ гушхуэу зэ къэкІуэжат зыпищІ щымыІэ и къуажэм. Къызэрыкіуэ совет цІыхур, къущхьэдэсыр щы хъурейм и къэрал нэхъ ину яльытэм и Совет Нэхъыщхьэм хэтт. ЩІыхьышхуэт, гулыпэтэхуэт ар! Аргуныр егупсысыт Кавказым ис лъэпкъхэм я блэкІамрэ нобэрей гъащІэмрэ, и лъэпкъэгъуэм къыхуащІа дзыхьым. Игу къридзэжьт зэхэныгъэм и пэ къихуэу екІуэкІа зэІущІэхэм къызэрыщелъэІуэахэр, къыжраІахэр, псом хуэмыдэу къуажэм пщІэ зыхуащІу дэса, нэхъыжьыфІ Арчэл Умар и псалъэхэр. Колхозхэтхэм я зэІущІэр щиухым абы ПІатІэ лъэныкъуэкІэ Іуишри жриІэгъащ:

- Сэ сыхуейт си жьІэр зэхэпхыну. Къэдгуэш икІи зыхэубыдэ. Уэ дэ укъытхэкІащ, удыдейщ. ЦІыхухэмрэ партымрэщ узыпІар. Ар псом ящхьэщ. ЦІыхухэмрэ партымрэщ узыпІар. Ар псом ящхьэщ. ЩІыхухэм пщІэ яхуэщІ, зэгуэрми запылуумыдэ абыхэм, я чэнджэщхэм щІэдэІу.

Дунейм тетыху Умар и псалъэхэр ПІатІэ щыгъупщакъым. «Делэр мэдаІуэри, Іущыр мэдаІуэ», - жаІэ. Нэхъыжьыр игъэнэхъыжьу, нэхъыщІэр игъэнэхъыщІэу зэрыпсэуами ПІатІэ щІэныІуэ ищІащ.

ХьэпшыпІ щхьэкІэ псэуам и иужьрей дакъикъэм псори фІокІуэд. ЦІыхухэм щхьэкІэ дунейм тетыр ящымыгъупщэу игъащІэкІи къонэ. ИпэжжинІэкІэ ПІатІэ и деж аращ зэрыхьуар. 2002 гъэм и накъыгъэ маззм, и ныбжьыр илъэс 85-рэ щрикъуам, абы и саулыкъукІэ республикэм щыпсэууэ Куэш-Хьэблэ къэмыкІуар мащІэщ. Зэрыхуэфащэуи цІыху щэджащэр ягъэлъэпІащ. И цІэр фІащащ лІы ныбжькІэ унафэ зыхуищІа колхозым - и фэеплъ бюст (скульпторыр КІэмрыгу Хьэтыгэщ) ягъэуващ. ХьэхэкІ зиІэ и къуэ нэхъыщІэ Олег абы къыбгъэдэту къызэІуиха тыкуэнмэ «ПІатІэщ» фІищар.

Къэнэжьыр, зэрагъэІуэгъэхэу, колхоз унафэщІ цІэрыІуэм и цІэр зыдэсса уэрамым фІэщынращи, ар къыщысынми дыпэпльэнщ.

Аргун Іэбубэчыр 1999 гъэм и щыщхьэУІу маззм дунейм екъужащ.

КЪАНТЕМЫР Тыркубий.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ къуэхьэр.
Сурэтыр **Белл Джеймс** *ищІащ. 1840 гъэ*

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэр, «Хэку» урысейпсо политикэ партыр» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м Налшык къалэ №149/1-5

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Хэку» урысейпсо политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуа Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэм кандидатым теухуа Іэхуэхэр зэрыт документхэр, Федеральнэ законым и 43-нэ, 47-нэ статьяхэм япкъ иткІэ кандидатыр къэгъэлъэгъуэнымрэ ар ятхынымрэ ятеухуа адрей документхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округхэм ятещІыхьауэ «Хэку» урысейпсо политикэ партэ» политикэ партым кьитар тхыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Хэкакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м кьишта унафэ №924/217-7-м тету икІи Федеральнэ законым и 51-нэ статьям и Іыхьэ 1-м ипкъ иткІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м и окружной хэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэр, «Хэку» урысейпсо политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхын, щатха махуэмрэ зэманымрэ: 2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 37-м.

2. Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэм етын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м зэрыщатхамкІэ зыхуэфащэ удостоверенэр.

3. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщагъэлъэгъуа ТхыгъэР кандидатыр щатхам щегъэжьауэ сыхьэт 48-рэ нэхърэ нэхьыбэ дэмыкІыу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм яхуегъэхьын икІи аэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

4. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм къытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Пащты Борис СультІан и къуэр, «Урысей Федерацэм и коммунист партэ» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуа ТхыгъэР кандидатыр щатхам щегъэжьауэ сыхьэт 48-рэ нэхърэ нэхьыбэ дэмыкІыу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм яхуегъэхьын икІи аэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Пащты Борис СультІан и къуэр, «Урысей Федерацэм и коммунист партэ» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м Налшык къалэ №149/2-5

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Урысей Федерацэм и коммунист партэ» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуа Пащты Борис СультІан и къуэм кандидатым теухуа Іэхуэхэр зэрыт документхэр, Федеральнэ законым и 43-нэ, 47-нэ статьяхэм япкъ иткІэ кандидатыр къэгъэлъэгъуэнымрэ ар ятхынымрэ ятеухуа адрей документхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округхэм ятещІыхьауэ «Урысей Федерацэм и коммунист партэ» политикэ партым кьитар тхыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Хэкакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м кьишта унафэ №924/217-7-м тету икІи Федеральнэ законым и 51-нэ статьям и Іыхьэ 1-м ипкъ иткІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м и окружной хэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Пащты Борис СультІан и къуэр, «Урысей Федерацэм и коммунист партэ» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхын, щатха махуэмрэ зэманымрэ: 2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 40-м.

2. Пащты Борис СультІан и къуэм етын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м зэрыщатхамкІэ зыхуэфащэ удостоверенэр.

3. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщагъэлъэгъуа Пащты Борис СультІан и къуэм теухуауэ Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ округ нэхъыщхьэм къигъэув псори къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэр кандидатыр щатхам щегъэжьауэ сыхьэт 48-рэ нэхърэ нэхьыбэ дэмыкІыу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм яхуегъэхьын икІи аэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

4. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм къытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Къэрэшэй-Чэркэсым и къуэр, «Зэныбжьэгъугъэ» политикэ партым «Къэрэшэй-Чэркэсыр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэрэшэй-Чэркэсыр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м Налшык къалэ №149/3-5

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «ЯБЛОКО» Урысей демократие партэ зэкъуэт» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуа Іэхуэхэр зэрыт документхэр, Федеральнэ законым и 43-нэ, 47-нэ статьяхэм япкъ иткІэ кандидатыр къэгъэлъэгъуэнымрэ ар ятхынымрэ ятеухуа адрей документхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округхэм ятещІыхьауэ «ЯБЛОКО» Урысей демократие партэ зэкъуэт» политикэ партэ» политикэ партым кьитар тхыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Хэкакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м кьишта унафэ №924/217-7-м тету икІи Федеральнэ законым и 51-нэ статьям и Іыхьэ 1-м ипкъ иткІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м и окружной хэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Солтановэ Айшат Токболат и пхъур, «ЯБЛОКО» Урысей демократие партэ зэкъуэт» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхын, щатха махуэмрэ зэманымрэ: 2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 43-м.

2. Солтановэ Айшат Токболат и пхъум етын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м зэрыщатхамкІэ зыхуэфащэ удостоверенэр.

3. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщагъэлъэгъуа Солтановэ Айшат Токболат и пхъум теухуауэ Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ округ нэхъыщхьэм къигъэув псори къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэр кандидатыр щатхам щегъэжьауэ сыхьэт 48-рэ нэхърэ нэхьыбэ дэмыкІыу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм яхуегъэхьын икІи аэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

4. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм къытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэр, «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхын, щатха махуэмрэ зэманымрэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м Налшык къалэ №149/4-5

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуа Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэм кандидатым теухуа Іэхуэхэр зэрыт документхэр, Федеральнэ законым и 43-нэ, 47-нэ статьяхэм япкъ иткІэ кандидатыр къэгъэлъэгъуэнымрэ ар ятхынымрэ ятеухуа адрей документхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округхэм ятещІыхьауэ «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» политикэ партэ» политикэ партым кьитар тхыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Хэкакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м кьишта унафэ №924/217-7-м тету икІи Федеральнэ законым и 51-нэ статьям и Іыхьэ 1-м ипкъ иткІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м и окружной хэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэр, «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» политикэ партэ» политикэ партым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщигъэлъэгъуар, тхын, щатха махуэмрэ зэманымрэ: 2016 гъэм шыщхьэУІуи и 9-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 46-м.

2. Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэм етын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м зэрыщатхамкІэ зыхуэфащэ удостоверенэр.

3. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м къыщагъэлъэгъуа Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэм теухуауэ Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ округ нэхъыщхьэм къигъэув псори къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэр кандидатыр щатхам щегъэжьауэ сыхьэт 48-рэ нэхърэ нэхьыбэ дэмыкІыу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм яхуегъэхьын икІи аэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

4. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущ ІанІэхэм къытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Спорт хъыбархэр

ЖАНШЭРХЪ

НапэкІэуэцІыр зыгъэхьэзырар
НафІэдз Мухьэмэдрэ Жыласэ Замиррэщ

«Зыуэзд, Налшык!»

● Акцэ

Налшык, ХьэтІохъущо-къуэм и хадэм иджыбла-гъэ щекІуэкІащ узынша-гъэр хъумэнымкІэ, къалэ-дэсхэр физическэ щэнхаб-зэм пыщІа Іуэхухэм нэхъ куууэ къыхэшэнымкІэ, апхуэдэуи Олимп джэгухэм хэт Урысейм и командэ къыхэхар дэІыгъыныв теухуа, «Зыуэзд, Налшык!» спорт акцэр. Абы цыхуэ-хуэ кърихьэлІат.

КЪБР-м спортымкІэ и министр, Олимп джэгухэм я чемпион Хъущт Аслъэнбэч, УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Къардэн Анзор, фитнесымкІэ гъэсакІуэ Къетыкъуэ Индирэ сымэ я гъусэу, щІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ, апхуэдэуи абыхэм я адэ-анэхэм, псоми зздай за-рядкэр ирагъэкІуэкІащ.

Къызэхуэсахэм я нэгу щІэкІащ тхэквондом зыхуэ-зыгъасэ ди спортсменхэм я гъэлъэгъуэныгъэ дахэр. Ахэр сыт хуэдэ утыку иб-гъэхьэми, уаэзрытемыуКІы-тыхьынур наІуэт.

ЗэІущІэм хэтахэм нэхъ гукъинэж ящыхъуахэм ящыщщ «Спортсменхэм ехъулІэныгъэ лъагэхэр яІэну» флешмоб зэхьихьэр. Акцэм кърихьэлІа дэтхэнэри хуитт Рио-де-Жанейрэ щеКІуэкІ Олимп джэгухэм хэт Урысейм и гуп къыхэхам хуэзгъэзауэ яІэ хъуэхъуэхэр, хъуэпсапІэхэр ятхыну.

ЗэІущІэ дахэр къезы-хьэжьа, «Уи ГъунэгъуМ дэІэ-пыкъу» зыфІаща сабий-щІалэгъуалэ волонтёр жы-лагъуэ зэгуэхьнигъэр зы-хуеинухэмкІэ КъБР-м Спор-тымкІэ и министерствэм къызэригъэпэщащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэзкуу) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ШыщхьэуІум и 13-м. ЦІыху 6000 еплъащ.

Судьяхэр Чистяков (Іуэзв), Семёнов (Гатчинэ), Болховитин (Ленинград область).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Соблыр (Марченкэ, 83), Мурачёв, Дашаев, Семёнов (Тебэрды, 46), Дроздов, Мухьэммэд (Мэкъуауэ, 63), Каркаев (Войнов, 31), Ахриев, Бажэ, Гугуев.

«**Динамо**»: Шунин, Морозов, Хольмен, Белоруков, Терехов (Кузьмин, 46), Темников, Сапетэ, Зотов (Драгун, 90), Ташаев (Катрич, 58), Бечирай (Луценкэ, 73), Панченкэ.

Топыр дигъэкІащ Катрич, 86 (0:1).

Дагъуэ къыхуащІащ Белоруковымрэ Марченкэрэ.

1936 ГЪЭ лъандэрэ екІуэкІ Совет Союзым, иужькІэ Урысей Федерацэм футболымкІэ и чемпионатхэм я гуп нэхъыщхьэм Мэзкуу и «Динамо»-м и закъуэт зэи къыхамыгъэкІыу иджыри къэс щыІар. АрщхьэкІэ 2015 - 2016 гъэхэм я зэхьэзэхуэм иужькІэ ари къекІуэтэхын хуей хъуащ. Дауи, шэч хэльхьым къэралым и чемпиону куэдрэ щыта, кубокыр зыІэщІэлъа, европэпсо утыкум зи щІэр фІыкІэ щыжезыгъэІа «Динамо»-м апэ дивизионым зэрыщыІзи-мыІэжьэнум. Абы и щы-хьэтщ мыгъэрей зэпеуэм бжьыпэр занщІэу зэрыщи-убыдар. ГурыІуэгуэт етІуа-нэ дивизионым къыхэкІыжа-гъащІэ «Спартак-Налшык-ымрэ» абырэ къарукІэ зэкІэ зэрызэхуэмыдэр. Апхуэдэу щыт пэтми, фІым дыщыгу-гъырт.

Джэгум и щІэдзэкІэм къы-гъэлъэгъуащ хьэщІэ щІэры-Іуэхэм къапимыкІуэтыну налшыкдэсхэм зэрызамы-гъэхьэзырыр. Ахэр тегуш-хуауэ ебгъэрыкІуэрт икІи я хьэрхуэрэгъуэхэм псынщІагъ-кІэ ефІэкІырт. Къэнэжьыр а псори топ дагъэкІахэмкІэ щІагъэбыдэжьныРт. Ди жа-гъуэ зэрыхъущи, абыкІэ мы-гъэрей «Спартак-Налшы-кыр» щІэгъуащэкъым. Жы-пІэну ирикъунщ мыбы ипэкІэ зэхэта джэгугъуэхым ди футболистхэм топищ фІэкІа зэрыщыдамыгъэкІар.

Хэгъэрейхэр къыщыхэмы-жаныкІыфым, мэзкуудэс-хэм хуэм-хуэмурэ джэгупІэ губгъуэм тепщэнигъэр ща-убыдащ. Ахэр щІэх-щІэхыу-рэ ди гъуэм пэгъунэгъуу къыщыхутэрт икІи бжьыгъэр къызэІуахыну Іэмал хъащ-зынэхэр къаахъуэкІыРт. КІуэ пэтми нэхъ нэры-лъагуэт «Спартак-Налшы-кыр» «зэретІысэхыр». Уп-щІэр зыт: топ къыдрамыгъэ-гъэкІыу джэгур иухыхукІэ ди щІалэхэм мэзкуудэсхэр зэтт-раІыгъэфыну?

Налшыкдэсхэм я лъэкІ къагъэнакъым, зы очко нэхъ мыхъуми мы зэІущІэм щы-зыІэрагъэхьэн папщІэ. Ста-дионым къекІуэлІа цІыху минхэри абы папщІэ я тэмак-ъым щысхьакъым. Арщ-хьэкІэ дакъикъиплІ къудей-кІэ яхуэшэчыжакъым. Ди гъуащхьэхъумэжям ящыщ зым и Іэзэгъыр и фІэщ и къулыкъур фІэкІуэдыну къыщІэкІынщ.

АдэкІэ щыгъуаэз фыхуэт-щынщ япэ дивизионым иужьу щызэхэта зэІущІэм кърикІуа бжьыгъэхэм: «**Хим-ки**» (Химки) - «**Кубань**» (Краснодар) - **4:1**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Балти-ка**» (Калининград) - **1:0**, «**СКА-Хабаровск**» (Хаба-ровск) - «**Факел**» (Воронеж) - **1:1**, «**Зенит-2**» (Санкт-Пе-тербург) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - **2:2**, «**Там-бов**» (Тамбов) - «**Сокол**» (Саратов) - **0:0**, «**Тосно**» (Тосно) - «**Шинник**» (Ярославль) - **0:0**, «**Спартак-2**» (Мэзкуу) - «**Тюмень**» (Тюмень) - **2:3**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Мордовия**» (Саранск) - **1:0**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Енисей**» (Красноярск) - **0:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгу-гъуэр «Спартак-Налшы-кым» Калининград къалэм щригъэжІуэжІынущ. Пщэ-дей, шыщхьэуІум и 17-м, ар абы щыІуэнущ щІыпІэ «Балтика»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Футбол

ДакъикъиплІкІэ яхуэшэчыжакъым

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Динамо»	7	5	2	0	15-3	17
2. «Тосно»	7	4	3	0	9-4	15
3. «Факел»	7	4	2	1	11-6	14
4. «Зенит-2»	7	3	4	0	10-5	13
5. «Спартак-2»	7	3	2	2	9-10	11
6. «Тамбов»	7	2	4	1	6-6	10
7. «Волгарь»	7	3	1	3	6-9	10
8. «Сибирь»	7	2	3	2	5-5	9
9. «Нефтехимик»	7	3	2	2	5-6	9
10. «Шинник»	7	2	2	3	8-6	8
11. «Балтика»	7	2	2	3	3-4	8
12. «Енисей»	7	2	2	3	3-5	8
13. «Тюмень»	7	2	2	3	5-8	8
14. «Мордовия»	7	2	1	4	8-6	7
15. «Спартак-Налшык»	7	1	4	2	3-4	7
16. «СКА-Хабаровск»	7	1	4	2	6-8	7
17. «Химки»	7	1	4	2	7-10	7
18. «Сокол»	7	1	3	3	7-9	6
19. «Луч-Энергия»	7	1	2	4	3-9	5
20. «Кубань»	7	0	4	3	3-9	4

Мокъуэ Дисанэ и лъагапІэ

● Гимнастикэ

Мокъуэ Дисанэ игъэзэщІащ Урысейм эстетикэ гимнастикэ спорт лэужьыгъуэмкІэ и мастер мардэр.

КУБАНЬ къэрал университетым (Краснодар къ.) физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ туризмэм-кІэ и къудамэм щеджэ хъыджэбз щэныфІэм и ныбжьыр илъэс 18 хъуа къудейщ. Ар хэтщ Урысейм эстетикэ гимнастикэмкІэ и команд-дэ къыхэхам. Апхуэдэуи илъэс ипэ-кІэ художественнэ гимнастикэмкІэ Урысейм спортымкІэ и мастерым и мардэр игъэзэщІащ. Мокъуэ Дисанэ къыдэлажьэр СССР-м спортымкІэ и мастер, тренер Захаровэ Натальещ.

ТЕМЫР Уэлий.

Зэуэ медалиплІ

● Дзюдо

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм ныбжьыщІэхэм дзюдомкІэ я зэхьэзэхуэ Шэшэным и Грознэ къалэм щекІуэкІащ.

АБЫ хэтащ Кавказым и хэгъуэгуэхм къикІа спортсмен 350-м нэблагъэ.

Зэпеуэм увыпІэ нэхъыщхьэр щаубы-дащ Къуэдз Къантемырэ (кг 55-рэ) Ды-гулыбгъу Дамирэ (кг 60). Дыжьын ме-далыр зыІэригъэхьащ Хьэжмэт Къан-темыр (кг 60). Жэзыр къыльысащ Шы-рыт Астемыр (кг 90).

ТекІуэныгъэр къэзыхьа ди щІалэхэм зыхуагъэхьэзырынущ илъэс 18 иримы-къуэхэм Оренбург къалэм дзюдомкІэ щрагъэкІуэкІыну урысейпсо зэхьэзэ-хуэм.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

● Бгы-лыжэ спорт

НыбжьыщІэхэр утыку къохьэ

Урысейм бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэмрэ Дунейпсо лыжэ федерацэмрэ ирагъэкІуэкІыну зэхьэзэхуэхэм я махуэгъэпсым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Терскол жылагъуэм ныбжьыщІэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэрагъэпэщащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ спортымрэ сноубордымкІэ я федерацэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкІэ и министерствэмрэ.

Зэпеуэхэр гупищу гуэшауэ щытащ: зи ныбжьыр илъэс 12 - 13-хэм, 14 - 15-хэм, 16 - 20-хэм итхэр. Къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Мэзкуу къалэм, Мурманск, Мэзкуу областхэм, Алтай, Тэтэрстан республикэхэм, Камчаткэ крайм, нэгъуэщІхэми къикІа спортсменхэр. Псори зэ-гъуэгу щыхуищэм щІигъу.

НыбжьыщІэхэр зэрызэпеуэ сламоломрэ сла-ломышхуэ лІэужьыгъуэхэмкІэ зыхэта гупым пашэ щы-хьуащ Ленинград областым щыщ Соломахэ Софие, Мэзкуу областым къикІа Погребицкая Ольгэ, Сахалиным щыщ Воронов Александр сымэ. Къищы-нэмыщІауэ, япэ увыпІэхэр адрей гупхэм къащІахьащ Алтай крайм къикІахэу Цуниковэ Вероникэрэ Ткаченкэ Даниилрэ, санкт-петербургдэс Пянковская Оксанэ, Пермь щыщ Гайдук Дмитрийрэ Мэзкуу областым къи-кІа Петров Николайрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм ящыщу зэфІэкІ нэхъ лъагэ къэзыгъэлъэгъуар Мурзаев Ар-турщ. Зи ныбжьыр илъэс 14 - 15 хъуэм я гупым сла-ломышхуэмкІэ я зэпеуэм абы еплІанэ увыпІэр щиу-быдащ.

Зэхьэзэхуэм и хьэщІэ лъапІэхэу щытащ Урысейм бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм и прези-дент Мельников Леонидрэ абы и къуэдзэ, федерацэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІ Цыганов Валерийрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● БэнэкІэ хуит

Махуэм и дамыгъэ

Урысейм ЗыхъумэжыныгъэхэмкІэ и ми-нистерствэм къыбгъэдэкІыу бэнакІуэ зыбжанэм ираташ «Зэкъуэтыныгъэр гъэ-быдэным хуищІа хьэлъэхьэныгъэм папщІэ» медалыр. Ар зыхуагъэфэщахэм ящыщщ ди лъахэгъу Махуэ Билал.

«ДАМЫГЪЭХЭР зылъысахэм спортсмен-хэм я зэхуэсу Сочэ къалэ щекІуэкІам щра-тыжьын хуейт, ауэ бэнакІуэхэм зэрызэ-гъасэм къыхэкІкІэ, а зэІущІэм кърихьэлІэ-факъым. Олимп джэгухэм хэтынухэр къыщыхаха Новогорск къалэм бэнакІуэ нэхъ лъэрызехьэхэм медалхэр щратыжащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Махуэ Билал бэнэкІэ хуитымкІэ Урысейм и гуп къыхэхам и капитанщ, Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ Олимп джэгухэм щыщхьэуІум и 20-м утыку къыщихьэнущ.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

Джэданэмрэ Занкишиевымрэ «Тажышхуэм» щІобэн

Тхьэмахуэ блэкІам Тю-мень къалэм щекІуэкІащ дзюдомкІэ «Тажышхуэ» дунейпсо зэхьэзэхуэ. Атлетикэ псынщІэм и манежым щызэхуэсат къэрал 25-м къикІа спорт-смен лъэрызехьи 120-м щІигъу.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР кило-грамм 73-м нэблагъэхэм я гупым щыбанэ, Къэбэр-дей-Балъкъэрым щыщ Джэданэ Алим финал ны-къуэ зэІущІэм къыщыхи-гъэщІащ Узбекистаным къикІа Тураев Хикматулэ. АрщхьэкІэ ещанэ увы-пІэм щхьэкІэ зэпэщІэтыны-гъэм ди лъэпкъэгъум текІуэныгъэ къыщихьащ икІи жэз медалыр зыІэри-гъэхьащ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэ-жаныкІащ ди республикэм щыщ нэгъуэщІ бэнакІуи. Зи хьэлъэгъыр килограмми 100-м нэблагъэхэм я деж ещанэ увыпІэр къы-щихьащ Азербайджаным къикІа Шукуровыр хэзы-гъэщІа Занкишиев Къаз-бэч.

«Пэжу жысІэнщи, къэзг-гъэлъэгъуа зэфІэкІымкІэ сыарэзыкъым. Финалым сыщыбгэнэну сыхуеящ, ауэ къызэхъулІакъым. ДяпэкІэ нэхъ хэхъуэзауэ зызгъэ-сэнщ. Сэ къыздэщыну къэкІуа си ныбжьэгъу-хэмрэ си цыхуэгъэмрэ бэнакІэ дахэкІэ згъэгуфІэ-ну сыхущІэкъуащ», - жиІащ Занкишиевым.

МЭЗКУУ Къанцобий.

● Зэзауэ зэхэт

КІэрэфым и ехъулІэныгъэ

Мы махуэхэм Краснодар къалэм щекІуэкІащ зэ-зауэ зэхэтхэмкІэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, зи хьэлъагъыр килограмм 61-м нэблагъэ КІэрэфым Азэмэт.

СЫТ и лъэныкъуэкІи хузэхэзыру зэІущІэм хыхьа адыгэ щІалэм щэч къызытумыхьэн текІуэныгъэ къы-фІихьащ Новороссийск щыщ Кадиров Абдулкахар. Зэ-зауэм и япэ Іыхьэм и ещанэ дакъикъэм КІэрэфым и хьэрхуэрэгъур нокауткІэ къриудащ.

ТЕМЫР Дыщэнэ.

● Зэхьэзэхуэ

«Кавказ джэгухэм» зыхуагъэхьэзыр

Бахъсэн къалэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэ-чим. Я командэхэм къыдэщІыну стадионым къыщыізэхуэсат школхэм я еджакІуэхэр, унафэщІхэр, администрацэм и лэжьакІуэ-хэр, къалэдэсхэр.

Спорт зэхьэзэхуэу 12 щекІуэкІ стадионыр Іыхьэ зыбжанэу гуэшауэ щытащ. Гупэр зэ-пеуащ шабзэкІэ нэщанэ еуэнымкІэ, кІапІ-сэкІэ зэпекъунымкІэ, ІэпщэкІэ зэпеІэнымкІэ, нэгъуэщІ куэдкІи.

Мини-футболымкІэ япэ увыпІэр иубыдащ «Автозапчасть»-м, хьэлъэ къэІэтыныимкІэ Хъуэт Аскэр, шабзэкІэ нэщанэм еуэнымкІэ Бэрэгъун Аскэр сымэ пашэныгъэр зыІэра-гъэхьащ. ЦІыхубзэм я деж троеборьемкІэ щытекІуащ Нэгъуэй Миланэ.

Мыбы щытекІуа спортсменхэр хэтынущ «Кавказ джэгухэр» зэхьэзэхуэм и республикэ Іыхьэу Налшык щекІуэкІынум. Къызэхуэ-сахэм я нэгу зригъэужьащ Бахъсэн къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэща концер-тым.

КЪЭХЪУН Бэч.

Рио-де-Жанейрэ дыщэр къащытощащэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Дмитриев Денис трекым цIыхухъухэм щрагъэкIуагкIа щыхьэзакъуэ зэпеуэм жэз медалыр къыщыхьащ. Иужьрей илъэсхэм зы зэхьэзэхуэшхуи ар хэтакъым медаль гуэрхэр щызыIэримыгъэхьауэ. Иджы Олимпиадэм ейри иIэщ.

Хуабжу дагъэгуфIащ ди теннисистхэрэм. **Веснина Еленэрэ Макаровэ Екатеринэрэ** зэгъуэру зыхэта зэхьэзэхуэм зыри къащыпэлъэщакъым. Абыхэм ди къералым ещанэ дыщэр теннисымкIэ Олимпиадэхэм къыщыухьащ. Нэхъапэм, 2000 гъэм, ар япэу хуэзфIэкIащ Кафельников Евгений. КъыкIэлъыкIуэу, илъэсий дэкIауэ, Дементьевэ Еленэ а ехъулIэныгъэм къыпищащ.

Теннисистхэхэм закъыкIэригъэхуакъым мы Гъэмахуэ Олимп джэгуэм дыжьыни жэзри къыщызыхьа, илъэсиплI и пэкIэ Олимп чемпион хъуа **Мустафинэ Алия**. Вз эмахуэрей текIуэныгъэм абы етIуанэ дыщэр Олимпиадэхэм къыщыхуихьащ. Псоабы къыщыпэлъэщын къыкъуэкIакъым. Апхуэдэ дыдэу щыщытащ Лондони илъэсиплI и пэкIэ. Иджы Власовыр тIэунейрэ Олимп чемпионщ. Хуабжу абы къытехьэлъащ иужьрей зэIущIэр. Бэмышау щыщ Мадсен Марк дуней псом щынэхъ пэщхэм хабжэ. Абы щыпэщIэта зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм Власовыр къэмэхащ, арщхьакIэ напIэзыпIэм зыкъыщIэжри, бэнэныгъэм пищащ икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Иужьрей махуищым я медаль бжыгъэм 31-рэ (!) хагъэхьуауэ Бразилием щекIуэкI Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм бжыгпэр щаIыгъ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я спортсменхэм. Я дыщэкъм абыхэм аргуэру 10 хагъэхьащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу нэхъыбэ зыхуэзэфIэкIар Великобританием икIахэращ. Нэхъапэм къахьа дыщэ медали 4-м абыхэм махуищым къриубыдэу 11 хагъэхьауэ икIи Китаймэ я спортсменхэм етIуанэ увыпIэр зэкIэ ирагъэбгынащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Шортэн Аскэрбий хуэфащэ щIыхь

● Тхьлъыщ1э

«Адыгская (черкесская) мифология и культы» фIэщыгъэр иIэу Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ тхылъыщIэ хуэщыдэкIащ. Пасэрей зэманым щегъэжьауэ адыгэхэм я Iа мифологием я зэхэлъыкIэмрэ зэкIэлъыкIуэкIэмрэ щызэфIэгъэувэжа къыдэкIыгъэр куэдым гъэщIэгъуэн ящыхъунущ.

ТХЫЛЪЫР зыхуэй хуэзэу, сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ къыдагъэкIащ. Тхыгъэхэм зи гугъу ящIыр къыщыгъэлъэгъуэжа сурэтхэм я мызакъуэу, XVII - XIX лIащIыгъуэхэм адыгэхэм я псэукIар, тхыдэр зэфIагъэувэж урыс, хамэ къэрал сурэтыщIхэм я Iэдакъэ къыщIэкIауэ абы узыщрихьэлIэ лэжьыгъэхэм.

- Мы тхылъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэм, гъэзэджэм, щIэныгъэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна Шортэн Аскэрбий (1916 - 1985) хуэфащэ щIыхьщ, - жиIэ тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор. - Шортэным и романхэр, повестхэр, пьесэхэр, рассказхэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ хэмыту адыгэ прозэр, драматургиер, литературоведенэр, этнографиер уи нэгу къыщIэбгъэхьэну гугъущ. КъыдэкIыгъуэм къыщыхъа лэжьыгъэхэр абы иджыри зэ щыхьэт тохъуэ. «Адыгская мифология», «Адыгские культы» тхылъхэм Аскэрбий псэуху елэжьащ.

ШортэнкIэ илъэс 20 хъуэу арат «Кабардинский фольклор» («Академия», 1936) лэжьыгъэшхэм и гуащIэ хилъхьэн щыщIидзам, ар икIи зэдзэкIакIуэт, IуэрыIуатэри зэхуихьэсыжырт, жьы хъуа псалъэхэри я мыхьэнэкIэ зэпхърихырт. ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым IуэрыIуатэрэ литературэмкIэ и къудамэм и унафэщI къупкIыр щызэрихьэми экспедицэ куэдым хэтащ Аскэрбий. Зэхуихьэса щIэныгъэ лэжьыгъэхэр сборник зыбжанэу къыдигъэкIыжа иужь, адыгэ мифологиемрэ лъэпкъым иныгъа динхэмрэ этеууа монографие игъэхьэзыру щIедзэ. Абы и лэжьыгъэм пасэрей урыс тхыдэжьыр, ди къэрал, хамэ къэрал зекIуэлIэжм, щIэныгъэлIхэм, дзэлIхэм, миссионерхэм ятхыжьа-хэр къыщигъэсэбэпырт.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Гъут Iэдэм зэрыжиIэмкIэ, Шортэным зэхуихьэсыжахэр напэкIуэцI 800-м щIигъуу «Адыгская мифология и культы» лэжьыгъэшхэуэ къыдигъэкIыжащ. ТхакIуэр абы зэман кIыхькIэ зэрелэжььам къыхэкIкIэ тхыгъэхэм ныкъуасныгъэ гуэрхэр яIэу къыдэкIащ. ИужькIэ лэжьыгъэр IыхьитIу гуэшыжьын зэрыхуэйр Аскэрбий къыгурыIуэри, 1982 гъэм - «Адыгская мифология», илъэсищI дэкIа иужь «Адыгские культы» монографиехэр дунейм екIутхьат.

«ЩIэныгъэлIым пасэрей адыгэхэм зэрахьа мажуский диным и ухуэкIэр зэфIигъэувэжам къыщымынэу, зэманым зиужьыху динхэм ягъэзта зэхъуэкIыныгъэхэри къеГъэлъэгъуэж. Пасэрей адыгэхэм я щэнхабэм зэрызиужьам, щыхъум я дуней лъэгъуэкIым игъэзта зэхъуэкIыныгъэм ущегъэгъуазэ», - щыжиIащ тхылъым и пэублэ псалъэм.

Лъэпкъ щэнхабзэм и зы унэтIныныгъэшхуэ джыныкмкIэ япэ лъэбакъуэхэр зычар Шортэн Аскэрбийщ. Абы къигъэсэбэпа Iмалъкэр Кавказ Iашхэрэм и литературэдж, IуэрыIуатэджI, этнограф, искусствовед куэдым гъуазэ яхуэхъуащ.

Шэч хэмылъу, Шортэн Аскэрбий и тхыгъэхэм ар щыпсэуа зэманым и мыхъур телъщ. Ауэ щыхъукIи, абы и лэжьыгъэхэм къызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэм хуиIа лъагъуныгъэ иныр, ар дуней псом яригъэщIыхуну зэрыхуIэкъуар къыхуэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Даня.

● Налшык

ИпэкIэ щыIахэм йофIэкI

Налшык, Пушкиныр Головкомрэ я уэрам зэхэкIыпIэм, иджыблагъэ щагъэващ щIыуэпс къабзагъэ мардэхэм сытхи къезэгъыу ягъэхьэзыра, кIэрыхуфбжьэрыху егъэзыпIэ.

ДЭ ИДЖЫРИ къэс къэдгъэсэбэпыр щхьэтепIэншэ контейнерхэрщ. Ягъэувар зэхуэщIащи, мэ къыпщIихьэркъым, псэущхьэхэмрэ бзуэмрэ иригъэкIуалIэркъым.

Мыпхуэдэ зы контейнерыщIэр сом мин 70-м нэс и уасэщ.

Налшык къалэ администрацым и жэрдэмкIэ ягъэуува мы контейнерыр адрей хьэблэхэми Iмал зэриIэкIэ нагъэсыну я мурадщ.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Гъэмахуэ гукъинэж

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр нэгуэзыужьу щагъэкIуащ Къэрэгъэш, Альтуд, Солдатскэ жылагъуэхэм щыпэжьа лагерхэм.

МЫБЫХЭМ псоми зэхэту щыIащ сабий 70-м нэс.

IэпщIэлъэпщIэным дихьэх сабийхэм папщIэ лагерхэм кружок зэмылIэужьыгъуэхэр щагъэлэжьащ. Къапщтэмэ, Къэрэгъэшэрэ Альтудрэ щыIа лагерхэм я гъэсэнхэр дихьэхыу екIуэлIащ «Зи Iэпэм дыщэр къыпыщ», «Къафэ» кружокхэм.

«ДыгъафIэ къалэ» фIэщыгъэм щIэту Солдатскэм щагъэлэжьа лагерым и кружокыр хуэунэтIат акъылым зезыгъэужь джэгуакIэхэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымрэ.

Лагерхэр зэрылажьа пIалъэм гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ, сабийхэм я нэгуи зиужьащ.

ШЭРЗДЖ Дисэ.

● Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэ

Лъэпкъыр имыгъэукIытэу

Щ1эбл1э узынш1э къ1зыщ1эхъуэ лъэпкъым и насыпщ. Араш, бынырщ, адэ-анэм гъащIэм щаIэ хъуэпсапIэхэр зрапхыр, я гум щагъафIэ мурад дахэхэр зыхуэгъэпсар. Сытуи гуапащэ быным ифI, и дахэ зэхэпхыну, абыкIэ угушхуэну! ФIыгъуэ куэдым я пIэ йоувэ апхуэдэ псалъэхэр.

Тау Замир

ЗИ ГУГЪУ сщIы гурыщIэхэр зыхащIэ Шэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм щыпсэу зэщхьэгъусэхэу Тауэ Рафаэлрэ Марьянэрэ. Абыхэм я унагъуэм иджыблагъэ къаГъэхьащ я къуэ закъуэ Замир къулыкъу щищIэ дзэ частым къикI ФIыщIэ тхылъ. Къыхэдгъэщынщи, Замир къулыкър щриихьэкIыр пэжыжьащ, щалъхуа щIыналъэм. Хьэуахьэрш зыхъумэжыныгъэмкIэ дзэхэм хэту, ар щыIэщ Архангельск областым хыхьэ Мирный кIалэм дэт Плесецк космодромым.

«ПщIэ зыхуэзщIхэу Марьянэ Пщыхьэбий и пхъумрэ Рафаэл Исмэхьил и къуэмрэ! - итщ письмом. - *Ди гуапэу зыхьар фыдогъащIэ фи къуэ рядовой Тау Замир Рафаэль и къуэм дзэ къулыкъыр. екIуу, ныкъуганыгъэншэу зэрыриихьэкIымкIэ, абыкIи щытхъу, фIыщIэ куэд зэрыхуэфащэмкIэ икIи къызэрихьэмкIэ. Дзэ часть 13973-м къулыкъу зэрыщищIэ зэманым къриубыдэу, Замир зыкъигъэльэгъуащ и къалэнхэр гъэзэщIэным жэуаплныгъэр зыхищIэу, пэжу пэрыт сэлэту. Зыпэрыт IэнатIэм пщIэ щиIэу, къулыкъу къыдэзыщIэхэм щахпхэ яхуэхъуу апхуэдэщ Замир».*

Дзэ частым и командир полковник Чиненков Анатолий и Iэр зыщIэлъ дэфтэрым апхуэдэу итщ хэлъ егугъуныгъэмрэ жанагъэмрэ папщIэ Тау Замир дзэм и унафэщIхэм къабгъэдэкI фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр мызэ-мытIэу къызэрыхуагъафэщар. Чиненковым адэ-анэм фIыщIэ инри къахуещI Замир хуэдэ цIыху зэтет, хьэл-щэн екIу зыхэлъ, Хэкум и хъумакIуэ нэс зэрагъэсакъым папщIэ икIи абыхэм къьохуэхъу узынш1эгъэ бдзэ яIэу, унагъуэ насыпрэ ехъулIэныгъэрэ щымыщIэу псэуну.

Адыгэ щIалэщIэм хужаIэ псалъэ гуапэхэм, дауи, гукъыдэжьышхуэ къариитащ адэ-анэм. Абыхэм ягъэута дзэрэжэгъуэм зыкIи пебдзых зъчыункъым Замир и анэшхуэ Хьэлимэт зыхищIа гурыщIэ инри. Анэшхуэм зэрыжиIэмкIэ, и къуэрылъху цIыкIуэр зэрысабийрэ жыIэщIэу, гуэз-лыуэ иIэу, цIыху щабэу къэхъуащ. Ар спортым, техникэм дахьэх, и адэр и щапхъэщи, абы и лъэужьым ирикIуэну хуейщ. И дзэлъху закъуэм и ехъулIэныгъэхэм ирогушхуэ Замир и щыпхъу цIыкIу Арианни. Ар, адрейхэми хуэдэу, щIохъуэпс и дзэлъхр щапIа унагъуэ дахэм бэIутIэIуныщэу, узынышэу къахьыхьэжыну.

И Iыхьлыхэм, благъэхэм япэжьыжьами, адыгэ лъэпкъ напэр сакъыу зыхъумэ, Хэкум хуэщIапхъэ къаапэм мытыншыр хабзэрэ нэмысрэ хэлъу, екIуу зэфIэзых Тау Замир дохъуэхъу и къулыкъур узынщэу кърихьэлIэну, нобэ хуэдэу и цIэр фIыкIэ къаIэту, нэхъыжьхэр зэрыгушхуэн, зэрыпэгэн адыгэлI къыхэкIыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

Iуащхьэмахуэ и щыгум тхьэ щолъэIу

Фо махъсымэ, къуэйIплъыжь, хьэлыуэ, зэкIэрыс, нэгъуэщI шхыныгъуэхэри Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и щыгум драхьейри, адыгэ Iэнэ хъурейм пэрыту, ди хэкум мамырыгъэр зэгурыIуэныгъэрэ илъыну, дыкъызэхэкIа лъэпкъым зиужьащIу, Бразилием щекIуэкI Олимпиадэм ди спортсменхэм екъулIэныгъэфIэщ щаIэну иджыблагъэ тхьэ елъэIуащ Щоджэн Рустам, Хьэгъажей Беслъэн, Шыбзыхьэу Къаазбэч сымэ. Мы сурэтыр тезыха Молэ Артур абдеж «Андемыркъан» лIыхъужь уэрэдыр уардзу иГъэзэщIащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Гу зылъытапхъэ

2016 гъэм и унагъуэ нэхъыфI

Республикэм и къалащхьэм и унагъуэ нэхъыфIхэм папщIэ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и саугъэт ягъэуващ. А Iуэхур хуэунэтIащ унагъуэм и пщIэр къэIэтыным, абы исхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным.

- МЫ IУЭХУМКIэ дэ дыхуейщ унагъуэм и мыхьэнэр къэтIэтыну. Зи кIалэр фIыуэ зылъагъуэхэм, щапхъэ зытраххэм жылагъуэм гулъытэ хуедгъэщIыну, - жиIащ Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Токъуий Мадинэ.

«ИльэсыМ и унагъуэ» саугъэтыр иратынущ сабиищ е нэхъыбэ зиIэжу, зи кIалэр фIыуэ зыльагъу, илъэситху хъуауэ абы щыпсэу, Налшык щекIуэкI социально-политикэ гъащIэм жыджэру хэт, хабзэ дахэхэр зи жьэгу дэлъ унагъуэхэм. Налшык къалэ администрацэмрэ жылагъуэ зэгухэзыгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр зыхэт къэпщытакIуэ гурыт нэхъыфIхэр къыхахынущ унэтIныныгъэмкIэ: «ИльэсыМ и унагъуэ», «Зы Iэщагъэм ирилажьэ унагъуэ», «Налшык зэрыгушхуэ унагъуэ», «ГъащIэ псо зи кIыхьагъэ унагъуэ», «Ди щIалэгъэщхэ икIи дынасыпифIэщ», «УнагъуэщIэ», «Унагъуэр гухэхъуэгъуэм и кIежьапIэщ».

Налшык и Iэтащхьэм и саугъэтыр зыхуагъэфащэхэм иратыжынущ къалэм и махуэр щагъэлъэпIэнум ирихьэлIэу.

ТХЬЭХУЩЫНЭЛанэ.

Ещанэ къыдэкIыгъуэр

● «Iуащхьэмахуэ»

Мы махуэхэм дунейм къытехьащ «Iуащхьэмахуэ» журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр.

«ЖьантIэ» Iыхьэр къыхэIуех СССР-м, РСФСР-м я Къэрал сауГъэтхэм я лауреат, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ Мэшбащ1э Исхьэкъ илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлIэу Нэщ1эпыджэ Замирэ юбилярым кIыIиха «БлэкIам и дерсыр къэкIуэнум и Гъуэзэщ» интервьюмкIэ. Абы къыкIэлъокIуэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист ЪхэфIыщIэ Мухьэмэд и ныбжьэгъу Мэшбащ1э Исхьэкъ хуитха «Зыми пэзмыщI» тхыгъэр. Апхуэдэу мы Iыхьэм къыщыбгъуэтынущ Мэшбащ1эм и «Пасхъэщ1эх» романым щыщ пычыгъуэхэр, урыс, адыгэ тхакIуэ щIэрыIуэхэм Исхьэкъ хужаIахэм щыщ-хэр.

УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу филологие щIэныгъэхэм я кандидат, усакIуэ Хьэвжокъуэ Людмилэ («СыгуфIэщэну сыхуейщи, аращ сыщIэнэщхьэйр»), КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Бецтокъуэ Хьэбас («Стемыту дамэ щхьэсыкъэбГэщIа?»), филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщэ («УзыдынэсамкIэ укъэувыIэу уэ къомыкIуххэ») сымэ ятхахэм, зи юбилейр зыгъэлъапIэ усакIуэм адыгэ тхакIуэхэм хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэм, Мыкъуэжьым и усэ Iэрамэхэм фыкъыщеджэнущ мы къыдэкIыгъуэм.

«Прозэ» Iыхьэм хагъэхьащ тхакIуэ Ахъмэт МуIэед и «Адыгэ амазонкэхэр» романым щыщ пычыгъуэхэр.

«Публицистикэ», Iыхьэм фыкъыщеджэ хъунущ Бэрбэч Борис Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыIиха «Гъэгу техьэ къытенэркъым» интервьюм. Абы къыкIэлъокIуэ Сэхъурокъуэм и «Лъэпкъ зэхэщIыкIым куэд елъытащ» тхыгъэр. Апхуэдэу абдежым къыщыхьащ тхакIуэ Къхъуэлуфэ Хьэчим усакIуэ щIэрыIуэ КIуащ БетIал и гъащIэмрэ и гъащIэмрэ триуха «УсакIуэм и пэж пшынэр» эссе пэлъытэр.

«Литературэр щIэныгъэ. Критикэ» Iыхьэм хагъэхьащ Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Заузмрэ мамырыгъэмрэ къэбэрдей усыгъэм къыззэрыхощIыр» тхыгъэр.

КъыдэкIыгъуэм ихуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, къэрал музыкэ театрым и уэрэджьIакIуэ Хъупсырджэн Албэч илъэс 60 зэрырикъум теухуа «Макъ лъэщIэ Тхьэр зыхуэупса» тхыгъэр, абы и лэжьэгъуэхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ хужаIа псалъэ гуапэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Фыщ1э

ЦIыху щыпкъэ

«Адыгэ псалъэ» газетыр къэдгъэсэбэпу, фIыщIэ хуэтщIыну дыхуейщ, егъэджакIуэ Iэзэ Гъэнгъэпщ Жаннэ Хьэмидий и пхъум.

ПЩIЭРЭ нэмысшхуэрэ зэрылъ унагъуэм къыщыхъащ Жаннэ. Ар Къэсейхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. И адэ Къалэжьокъуэ Хьэмидийрэ и анэ ФэтIимэрэ егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ школым щылэжьащ. Абыхэм я хьыджэбзищи я адэ-анэм хаша лъагъуэм техьащ, псоми егъэджакIуэ Iэщ1агъэр зрагъэгъащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, быным гу ящимыхуэу я адэр пасэ дыдэу дунейм екIуэжащ. Зэшыпхъухэм я нэхъыкIыр Жаннэти, и анэм къуэувэри, нэхъыщIэхэр диплащ.

Школыр дыщэ медалкIэ къиуха нэужь, КъБКъУ-м филологиемкIэ и къудамэри екъулIэныгъэкIэ кIрихьэлIащ Жаннэ. Еджэурэ икIи лажьэурэ унагъуэ насып дахи игъэтащ абы. И цIыхьэгъуэ Гъэнгъэпщ Хьусенрэ езымрэ зы къуэрэ пхъуитIрэ зэдгъэуташ. Я щIалэ Исльам юрист Iэщ1агъэм хуоджэ, япхъуэху Радимэрэ Ренатэрэ епщыкIуэзанэ, еблагъуанэ класохэм щIэсщ, дэтхэнэ зыми мурадыфIхэр яIэщи, Тхьэм къаригъэхъулIэ.

Ди бынхэм псэ хьэлэлу къадэлажьэ егъэджакIуэ гумызагъэм дыхуэарэзыщ. Езым хэль адыгэ хабзэ дахэр, нэмысыр, гулъытэр къабгъэделъхьэ ди сабийхэм. Жаннэ я ныбжьэгъуэм хуэдэу яхэтщ и гъэсэн цIыкIухэм, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ къыхуэгъэтыф, чэнджэщэгъу, ущиякIуэ хуохъу.

Узыншагъэ быдэ иIэу, бын нэщIэбжьэ имылъагъуу адэкIиефIэкIуэну ди гуапэщ егъэджакIуэ щыпкъэр.

Жаннэ и гъэсэнхэм я адэ-анэхэр.

Iуащхьэмахуэ и щыгум тхьэ щолъэIу

Фо махъсымэ, къуэйIплъыжь, хьэлыуэ, зэкIэрыс, нэгъуэщI шхыныгъуэхэри Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и щыгум драхьейри, адыгэ Iэнэ хъурейм пэрыту, ди хэкум мамырыгъэр зэгурыIуэныгъэрэ илъыну, дыкъызэхэкIа лъэпкъым зиужьащIу, Бразилием щекIуэкI Олимпиадэм ди спортсменхэм екъулIэныгъэфIэщ щаIэну иджыблагъэ тхьэ елъэIуащ Щоджэн Рустам, Хьэгъажей Беслъэн, Шыбзыхьэу Къаазбэч сымэ. Мы сурэтыр тезыха Молэ Артур абдеж «Андемыркъан» лIыхъужь уэрэдыр уардзу иГъэзэщIащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щырдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-22-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ1 дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгуфIэм и 14-м Печатым и хунтныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эдуардэ**, *редактору* **Къумахуэ Аслъэн,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.).* **КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.000 ● Заказ №1221